

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Rumusan masalah anu dijawab dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan runtuyan acara jeung prak-prakan tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot, analisis unsur sémiotik dina tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot nurutkeun kana tiori Charles Sanders Peirce, sarta larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta nya éta métode kualitatif kalayan maké pamarekan étnografi jeung déskriptif. Pamarekan étnografi dipaké pikeun nalungtik kahirupan sosial budaya dina hiji masarakat. Métode déskriptif nya éta métode anu digunakeun pikeun nalungtik hiji kajadian (masalah) anu hasilna disusun dina wangun narasi. Téhnik ngumpulkeun jeung ngolah data anu digunakeun nya éta téhnik obsérvasi, studi pustaka, wawancara jeung dokuméntasi. Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kaméra, *handphone*, jeung pedoman wawancara.

Tradisi sunatan geus dipikawanoh ku masarakat Sunda ti jaman baheula, kira-kira dina jaman karajaan Sunda. Ieu hal katitén tina cutatan *Carita Parahiyangan*, anu di jerona ngébréhkeun yén kungsi aya Raja di karajaan Sunda anu ngaranna Prabu Ratudéwata disunat ku tukangna (disunat ku ahlina). Dina jaman baheula prosés nyunatan téh dilaksanakeun ku paraji sunat (béngkong). Urang Sunda diajar cara nyunatan anu saluyu jeung aturan Islam ka urang Mekah. Tuluy lila-lila ku kamekaran jaman, cara nyunatan téh robah asalna tradisional jadi *modern*. Lolobana dina jaman ayeuna prosés nyunatan dilaksanakeun ku dokter atawa mantri. Tapi, masih kénéh aya béngkong anu *bertahan* nepi ka kiwari, sok sanajan geus jarang nyunatan. Sunatan téh mangrupa tradisi ku sabab jadi kabiasaan tur dilaksanakeun sacara turun-tumurun ti jaman baheula nepi ka ayeuna. Tangtuna ku kamekaran jaman, prosés jeung prak-prakan tradisi sunatan téh aya nu masih dilaksanakeun, tapi aya ogé anu geus ditinggalkeun atawa teu dipaké deui.

Masyarakat di Désa Dayeuhkolot Kabupatén Subang nya éta masyarakat anu masih mertahankeun adat istiadat Sunda dina kahirupanna. Salah sahiji tradisi anu

masih dilaksanakeun ku masarakatna nepi ka ayeuna nya éta acara sunatan adat Sunda. Runtuyan acara tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot kabagi jadi tilu, nya éta prak-prakan saméméh acara sunatan, prak-prakan waktu lumangsungna sunatan, jeung sabada prak-prakan tradisi sunatan. Prak-prakan saméméh acara sunatan nya éta: 1) ngitung poé, 2) badami panitia hajat, 3) nyebarkeun ondangan, 4) nataharkeun kaperluan pikeun hajat, 5) nadran, 6) ngaleunggeuh, 7) tutunggulan, 8) nyényéréd kalapa, 9) mandi konéng, 10) gusar tanda, 11) nyarang, jeung 12) nyambungan. Tuluy prak-prakan waktu lumangsungna tradisi sunatan, nya éta: 1) ngahudangkeun budak dina waktu subuh, 2) prosés nyunatan ku béngkong, 3) sawér, 4) nyecep, jeung 5) numpak sisingaan. Sanggeus prak-prakan tradisi sunatan réngsé, dilaksanakeun hajat wawarian atawa hajat palulunas. Hajat wawarian nya éta hajat lekasan dina acara sunatan. Maksudna nya éta pikeun sukuran yén hajat téh geus réngsé kalayan salamet.

Ulikan ngeunaan unsur sémiotik (ikon, indéks, jeung simbol) dina tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot bisa katitén tina runtuyan acarana, kalengkepan sasajén, jeung *properti* atawa pakakas anu digunakeun dumasar kana hasil obsérvasi langsung sarta wawancara sabada panalungtikan. Sabada maluruh hasil panalungtikan, kapanggih aya 6 ikon, 8 indéks, jeung 40 simbol dina tradisi Sunatan di Désa Dayeuhkolot Kabupatén Subang.

Tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot miboga ajén-inajén katut tanda-tanda jeung simbol di jerona. Tanda jeung simbol éta nyangkaruk dina prak-prakan acarana, proses nyunatan anu masih tradisional ku paraji sunat (béngkong), alat-alat paranti nyunatan, sasajén, jrrd. Tangtuna ieu tanda jeung simbol téh miboga ma'na anu kudu dipikanyaho sangkan kapanggih naon harti anu dipimaksudna. Rumaja jeung masarakat kudu wanoh, paham, ngamumulé jeung ngariksa kana kabudayaan Sunda nu aya di masarakat, sangkan kabudayaan Sunda teu tumpur sarta bisa terus aya ti generasi ka generasi saterusna.

Hasil panalungtikan ngeunaan tradisi sunatan bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran, hususna dina pangajaran maca artikel di SMA. Ieu hal luyu jeung KIKD pangajaran basa jeung sastra Sunda dina kurikulum 2013

5.2 Implikasi

Tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang mangrupa salah sahiji contoh adat istiadat Sunda anu euyeub ku unsur budaya di jerona. Tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang ditalungtik sangkan bisa méré mangpaat pikeun dokuméntasi ngeunaan kabudayaan.

Dokuméntasi ngeunaan ieu tradisi miboga mangpaat sangkan para *generasi* saterusna bisa apal kana kabeungharan budaya jeung adat-istiadat nu aya di daérahna. Ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban data atawa dadasar panalungtikan anu aya patalina jeung budaya, sarta bisa dijadikeun udagan atawa babandingan dina panalungtikan ngeunaan kabudayaan di tatar Sunda saterusna.

5.3 Rékoméndasi

Panalungtikan ngeunaan tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang tangtu loba kénéh kurangna, kawatesanan ku waktu, cara ngumpulkeun data ti narasumber, sarta hal-hal séjén anu patali jeung métode panalungtikan anu masih kénéh kudu dilengkepan. Ku sabab ieu panalungtikan kawatesanan ngan museur kana hiji hal, ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan anu leuwih euyeub kana hal-hal séjénna pikeun jadi pangdeudeul pangaweruh ngeunaan kabudayaan.

Salah sahiji obyék anu bisa dijadikeun panalungtikan tina ieu tradisi sunatan nya éta pakasaban béngkong (paraji sunat), sisingaan, tatanggapan dina acara sunatan, jrrd. Éta obyék-obyék téh bisa ditalungtik sangkan bisa nambahan ngeunaan dokuméntasi jeung daptar tradisi anu aya di tatar Sunda.

Tita Nurmaya, 2017

*ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SÉMIOTIK DINA TRADISI SUNATAN DI DÉSA DAYEUKOLO
KACAMATAN SAGALAHÉRANG KABUPATEN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN
MACA ARTIKEL DI SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu